

Chè fanmi:

Y ap bay egzamen konpozisyon anglè (English Language Arts, ELA) ak Matematik anyèl eta Nouyòk pou tout elèv klas 3yèm-8yèm ane nan prentan sa a. Elèv klas 5yèm ak 8yèm ane pral pran tou egzamen Syans eta Nouyòk. Lwa Federal ki rele Chak Elèv gen Siksè (Every Student Succeeds Act, ESSA) egzije egzamen sa yo epi yo fèt pou bay enfòmasyon enpòtan sou si elèv yo prepare pou pwogrese nan lekòl la ak gradye avèk panse kritik, rezolisyon pwoblèm, ak ladrès rezonman yo bezwen pou siksè alontèm nan lekòl, kolèj, ak karyè, epi pou sipòte elèv yo nan chèche sekirite ekonomik yo ak yon lavi ki ranpli chwa.

Egzamen sa yo se sèlman youn nan plizyè mezi lekòl nou yo itilize pou evalye pwogrè elèv yo: nòt, kanè, echantyon redaksyon, pwojè, devwa, ak lòt travay elèv ki baze sou pèfòmans yo enpòtan tou.

Si w gen lòt kesyon, tanpri kontakte lekòl pitit ou a.

Kisa ki nouvo nan egzamen eta Nouyòk ane sa a?

Se premye ane tranzisyon twazan Depatman Edikasyon Eta Nouyòk (NYSED) pou bay egzamen eta a pou tout klas 3yèm-8yèm ane nan konpitè. Pandan lekòl yo ka bay vèsyon yo nan konpitè nan tout klas, tout elèv ki nan klas 5yèm ak 8yèm ane pral pran vèsyon egzamen ELA, matematik ak syans yo nan konpitè.

Kilè y ap fè egzamen Eta a pou klas 3yèm-8yèm ane?

Konpozisyon Angle (ELA)	Matematik	Syans
Fason prensipal y ap bay egzamen, sou konpitè: 11 – 19 avril	Fason prensipal y ap bay egzamen, sou konpitè 7 - 17 me	Fason prensipal y ap bay egzamen, sou konpitè: 15 - 17 me
Fason prensipal y ap bay egzamen, sou papye: 11 – 12 avril	Fason prensipal y ap bay egzamen, sou papye: 7 - 8 me	N/A
Egzamen ratrapaj: 15 – 17 avril	Egzamen ratrapaj: 9 - 14 me	Egzamen ratrapaj: Nenpòt lè pandan peryòd prensipal jan y ap bay egzamen an

Kijan pitit mwen an benefisye nan tès eta yo?

Oumenm ak pitit ou a benefisye nan tès Eta a paske yo:

- Bay enfòmasyon detaye sou si pitit ou a ap aprann sa yo atann li aprann pou nivo klas li.
- Ede lekòl yo detèmine kòman elèv yo ap pwogrese ak pèfòme nan konparezon avèk kamarad yo, epi ki elèv oswa pwofesè ki ka bezwen plis sipò.
- Pèmèt ou aprann kòman lekòl pitit ou a ap mache konpare ak lòt lekòl yo.

Kisa tès yo gen ladan yo? Konbyen tan pitit mwen an gen pou ranpli yon egzamen eta?

Egzamen ELA ak matematik yo gen ladan yo de sesyon ki pa konometre epi yo bay yo pandan de jou (yon sesyon pa jou). Sesyon 1 ak 2 pou ELA gen ladan kesyon chwa miltip ak kesyon ouvè. Sesyon 1 pou Matematik se chwa miltip sèlman. Sesyon 2 pou Matematik la gen ladan kesyon chwa miltip ak kesyon ouvè. Egzamen syans lan yo bay li sèlman nan klas 5yèm ak 8yèm ane, se yon sesyon ki gen kesyon chwa miltip ak

kesyon ouvè. Tout twa egzamen yo pa konometre. Elèv ki bezwen plis tan ap ka travay nan pwòp vitès yo pou pi byen demontre sa yo konnen ak sa yo ka fè.

Ki enpak rezilta nòt yo genyen sou pwofesè yo?

Dapre kritè seleksyon Mezi Aprantisaj Elèv yo chak lekòl yo, rezilta tèst eta yo ka gen enpak sou evalyasyon pwofesè yo oswa yo ka pa gen enpak.

Ki wòl tèst sa yo jwe nan admisyon lekòl presegondè oswa segondè?

Pou egzamen otòn 2025 lan, yo pa pral itilize nòt egzamen eta a pou admisyon. Kèk lekòl pral itilize nòt kou ak/oswa evalyasyon ki fèt nan lekòl pou evalye elèv, menmjan ak ane avan yo.

Èske fanmi yo ka chwazi pou pitit yo pa patisipe nan egzamen eta a, oswa èske yo ka mande pou yo pran yon lòt egzamen?

- Nou ankouraje tout elèv pou yo pran tèst sa yo paske ni oumenm ni pitit ou a benefisye nan enfòmasyon nou jwenn nan rezilta tèst yo. Egzamen eta a bay lòt enfòmasyon sou sa pitit ou a ap aprann epi ede pwofesè yo ak lekòl yo ajiste sipò kote yo bezwen.
- Si w enterese pou pitit ou a pa pran egzamen eta yo, tanpri konsidere pale avèk direktè lekòl pitit ou a. Si, apre w fin pale avèk direktè lekòl la, ou toujou vle refize pitit ou a pran egzamen yo, direktè lekòl la ap respekte desizyon w lan. Paran an ak direktè lekòl la dwe kenbe yon dosye konvèsasyon sa aalekri .

Kisa pitit mwen ta dwe fè pou prepare tèst la?

- Ede pitit ou a dòmi byen nuit avan egzamen an epi pran yon bon manje maten nan maten an.
- Rekonèt santiman pitit ou a konsènan tèst la epi ranfòse konfyans li.

Kilè m ap konnen kòman pitit mwen an te fè tèst yo?

- Anjeneral eta Nouyòk pibliye nòt egzamen yo pandan ete a epi nòt yo ap disponib atravè Kont Lekòl Vil Nouyòk pitit ou a.
- Nou ankouraje w pou kontakte pwofesè oswa direktè lekòl pitit ou a pou chita pale sou nòt egzamen eta a ak pwogrè akademik jeneral.

Kisa k ap pase si pitit mwen an pa lekòl lè yo fè egzamen Leta a?

Li enpòtan pou pitit ou a pran tèst la. Tanpri fè tout sa ou kapab pou sipòte pitit ou a epi asire w li nan lekòl lan jou egzamen yo. Elèv ki absan pou nenpòt rezon ap gen yon dezyèm chans pou pran tèst la pandan peryòd ratrapaj la. Si pitit ou a absan tou pandan peryòd ratrapaj la, p ap gen lòt chans pou l pran tèst la. Yo p ap penalize elèv yo oswa kenbe yo nan menm klas la sèlman poutèt yo pa pran yon egzamen Eta a.

Èske pitit mwen an dwe pran egzamen eta a si l ap pran yon egzamen Regents tou?

Kèk elèv pran egzamen Regents nivo lekòl segondè nan lekòl presegondè. Si pitit ou a nan klas 7yèm oswa 8yèm ane epi li pral pran yon egzamen Regents Syans oswa Matematik ane lekòl sa a, lekòl ou a pa pral ba li egzamen eta a nan Matematik oswa nan syans. Ou ka chwazi pou pitit ou a pran egzamen Matematik la oswa egzamen syans lan pou w gen plis enfòmasyon sou pwogrè l, menmsi li pa obligatwa. Kontakte lekòl ou a si w ta renmen pou elèv ou a pran egzamen Matematik la oswa syans lan anplis yon egzamen Matematik oswa Syans Regents li pran.